Советыр хьэзырщ щIыналъэм и экономикэмрэ псэуныгъэмрэ егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ кьаIэт дэтхэнэ зы Iуэхуми жьыдэжэу хэтыну. Абы папщIэ зэгухьэныгъэм хэтхэм я бжыгъэм зэрыхигъэхъуэным, я лэжьыгъэм зэманым кьезэгъ щIэрыщIагъ зэрыхилъхьэным хущIокъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щIыналъэ

Псы хуабэкIэ къызэрагъэпэщ

«Теректелбосбыт» муниципальнэ Iэнатl Iэр иужь итщ бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэр кьызыхуэтынышэу кьызэрырихьэлIэным.

МЫ ЗЭМАНЫМ компаниэм зэрихьэхуэкIын хуейуэ кьыпэщылъ. псы хуабэ зрикIуэ бжьамий кьхьахуэ метр 700. Абы щыщу Акьбащ Ипщэмрэ Тэрч кьалэмрэ щыукъуэдия метр 300-р яхьуэжьыну хунэсащ.

Хуэкалiуэхэм зэрыжаIамкIэ, лэжьыгъэр нэхъ пасэуи яхуэхьынут, арщхьэкIэ псы хуабэр кьэзыгъэсэбэпхэм абы и уасэр зымыт

Хьэж щIыныр къытехуа пэтрэ...

● Фарзхэр

***Алыхьталэм фIэкIа нэгъэущI Тхьэ зэрыщымыIэм, Мухьэммэд хьэлейхи сэлату уэ сэламыр абы и лIыныгъэ зэрыщытым щыхьэт утехъуэным, нэмэз уахътитхур махуэ къэс кьепхьэлIэным, ун мылъкум кьыхэпхыу сэджыт птыным кьадэкIуэу ун гъащIэм кьрнубдэу зэ нэхъ мыхъуми хьэж пщIыныр исЛъам диным кьытхуигъэув фарзитхум (кьалэнитхум) языхэзщ. Пэжщ, ар игъэзэщIэн папщIэ мусЛъымэным бгъэдэлъын хуейщ Саид Хьэрыпым щыIэ Мэккэ щIыпIэм зыхьу, абы щигъэIэу къэзыхьыжын, апщIондэхэукIэ кьыхэрнэкIа и унагъуэр тэмэму кьыхэрыпсэун мылъку. Апхуэдэхэращ хьэж ящIыну кьызытехуэр.**

Муслъымэн дин щIэныгъэлIышхэхэу Сэхьид ибн Джубейр, Ибрэхьим Iэн-Нэхьэгъий, Муджахьид, ТIаиус сымэ жаIаеу къаIуэтэж: **«Хьэж щIыныр кьытехуа пэтрэ, ар имыщIу дунейм хэт екьыжауэ къасщIэми, абы и жэнаым сыхэуэзнукьым».** Абы тещIыхьауэ, и гъунэгъу бейр дунейм екьжати, и дыуэщIым хьэхьауэ щытакъым, хьэж щIыныр Iэпэдэгъэлэл зэрищIам папщIэ. Ибн Гъэббаси, Алыхьыр арэзы зыхуэхъуным, абы дыщIигъуаеу: **«Сэдэкьыт телъу е хьэж телъу Iар: «КъхьыIэ дунейм идкьыри зэ сыв-гъэгъэзэкI»,** - жиIэу пЛэIунущ».

Абы щыгъуэми хьэж щIыныр Алыхьым фарз зэрищIар хьэкъыу зи фIэщ хуэу, гу къабзэкIэ а къалэнэр зыгъэзэщIам къыпэплъэ фIыгъуэхэр бжыгъэнщэщ. Мухьэммэд бегъымбарым абы теухуауэ жиIам фIэкIа Iуэхум хэмыльами иригъэкIынт: **«Алыхьым и цIэкIэ хьэж зыщIу, а здэщIэм мыхъумыщIэ къыщIимыпсэхъамэ, мыхъумыщIи имыхьжьамэ, абы къигъэзэжынущ и анэ къызэрильхъам хуэдэу (кьабзэу, гуэныхьыншэу)».** *(Бухьарийрэ Мусльимрэ).*

Iпэм псэуа цIыхуфIхэм хабзэфI яхэлъа-хэм ящыщщ хьэж щIыпIэм къикIыжам икIэщIыпIэкIэ зыхуаГъазэрэ дахьэирагъэщIу зэрыщытар, модрейм гуэныхьэмкIэ зимыуфIеижр ипэкIэ. Гуэныхьыншэм хуэфащэри мыдрей хьэдисым къыдгурегъаIуэ: **«ЕкIуу ящIа хьэжым жэнэт фIэкIа нэгъуэщI хуэфащэкьым».** *(Бухьарийрэ Мусльимрэ).*

А псомИ кьыдгурагъаIуэ хьэжым мыхьэнэуэ иIэр икIи Иман зыбгъэдэлъым абы и нэ кьыхуимыкIыж кьэнэнукъым. ФIыгъуэшхэщ цIыхур Алыхьым и Унэм кIуэныр, мы дунейм унэу тетым, уеблэмэ мэжджытуи тетым я нэхъ пIапIэм екIуэлIэныр. Абы и пIапIагъыр къэзыгъэпIагъуэхэм ящIыщщ: а Унэм фIэкIа гъибдаэт мурадкIэ кьыпэпкIыхь хьуну мы дунейм зы унэ зэрытемытыр. Мы дуней хьурейм зы щIы IыхьИ, зы мывэ гуэри телъкьым ба хуэпщIыну е сэлам епхыну щэрыхьэтым укьыхуриджэу, Мывэ фIыщIэу Каабэм хэтымрэ, Каабэм и йемен къуапэмрэ нэмыщI.

Алыхьым и нэфIыр зыщIыхуэу, хьэхьум я нэхъыфIыр зыгъэсыкIи ЛIыкIэу пIапIэм къыбгъэдэкIауэ дэ пэжу кьытпъэIэсащ - Каабэ зыдэт мэжджытым щащI зы нэмэзыр нэмэз миниищэм пэуву, абы хуэдизхьуэу. Апхуэдизу псапэ зы нэмэз ящIам къыщIипэкIуэу мы дунейм нэгъэущI зы мэжджыти теткъым. Абы нэрылъагъуэ кьыхощ Каабэ ЛIыпIэр зыдэт Мэжджыт Хьэрамыр зытет щIыгур мы щIы хьурейм и нэхъ щIыпIэ лIыпIэу зэрящIытыр. Мис аращ гъуэгу утеувэу абы уекIуэIэнныр щIэфарзыр, щIэкъалэнр. Абы щыгъуэми хьэжыщI укIуэн папщIэ гъуэгу утеувэну игъэдахэ къудей мыхъумэ, ар игъэтКIийуэ зы щIыпIи кьыщщкIуэкъым.

А щIыпIэ лIыпIэм и лIыпIагъри, адрейхэм зэремыщхьри къэзыгъэлIагъуэхэм ящIыщщ мусЛъымэну дунейм тетым Каабэр я къэблэуэ, ар я гъэзапIэу зэрапэр.

-Iуммул-Кьура- («Кьалэхэм я анэ») Алыхь Талэм абы зэрыфIищамэ кьегъэлъагъуэ ар адрехьэм зэрефIэкIыр. Кьалэу щыIэр абы кьыкIэлъэкIуэ, абы кьытопщыкIыж, ар лъабжьэ яхуохьу. Мы щIы хьурейм и курыкупсэм Мэккэ дэт Каабэр зэрыхуэзэр, ар щIым и бынжэ пэлъытэу зэрыщытыр нобэрей щIэныгъэр щыхьэт зытеухьэхэм ящIыщщ. **«Iэл-Фатихъэ»** (сурэ)-р **«КъурIэным и анэщ»,** жиIэу хьэдисым кьыхэрыщIыкIуам ещхьщ, Мэкки кьалэхэм я анэ зэрыфIащар.

Алыхьым игъэлъэпIар зыIэтари лъапIагъ хуэфащэщ. Ар кьэзыпIэжьын, кьыпэжьым дунеягъэкIи ахърэткIи щыгуфIыкIыжьын Тхьэм дищI!

Адрей илъэсхэми хуэдэу, мы гъэми Кьэбэрдей-Балъкъэрым икIа гупышхуэм хьэж ящIынуц. Абыхэм ихэтщ жьыи щIэн, ягъэу я Iуэхугъуэ дахэр зыгъэзащIи тезыгъэзи. КъБР-м и Мусльимэнхэм я дин Iуэхущ Iапl эм и унафэщIм и къуэдз, ди цIыхухэм хьэж егъэщIыныр зи пщэ дэтЛ Мисиров Хьызыр хьызбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, мы мазэм и кIэухым щегъэжьауэ ахэр гъэзэгу гъэзэнущ. «Сирием щекIуэкI зауэм кьыхэкIыу хьэжыщIхэр, нэгъабли хуэдэу, кхъухьтьатэкIэ щIыпIэ лъапIэхэм кIуэнущ, - кьыджиIащ абы. -Iпэ гупыр Ингушым и кьалащхьэ Магас, ипхъатыкIынкъуэ Мединэ щетIысхьынущ, етIуанэр Налшык щитIысхьэнурэ Иорданым и Акабы кьалэм кьыщIыуВыIэнущ, адэкIэ я гъэгуанэр автобускIэ пащэну».

Мисировым зэрыжиIамкIэ, мы гъэм хьэжыщIым сом минИ 100-м нэблагъэ щIыу кьэс хуэзэу токIуэдэ. Абы хохьэ гъэугупщIэмрэ хьэщIэщым зэрыщIэсынымрэ. ХьэжыщIхэм яшхынрэ езыхэм кьащэхужьынущ. Псори зэхэту щIыхуэзэ махуэ 25-кIэ кьэтпынущ.

ФокIадэм и 11-м Налшык и Мэжджыт нэхъыщхьэм Мэкка кIуэныгъэр щIэзэхуащэсащ. Абыхэм гурагъэIуащ хьэж зэращI щIыкIэр, гъэугуанэм кьащIипэплъэхэр, кьахукIуэкIынкIэ хьуну гугъуехьэм зэрыпIэлъэщIыну щIыкIэр, кьэрал гъынапкьэхэр щIызэуащIкIэ я кIуэныгъэр зэрыщIэщI зыщIэупщIахэр. Гупым я гъусэнущ а псомИ фIыуэ хэзыщIыкI, КъБР-м и Мусльимэн дин Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэрэ уэзынщагъэм зэпымыууэ кIэтыпплъыну дохутырэ.

Къурэным щхьэкIэ къэпщэхуа Iэщыр умыуКIыурэ хьид махуищм блэкIамэ, зэрыпсэууэ сэдэкъэуэ птыжьын уеейщ, сыту жыпIэмэ ар нузыр пщIам ещхь мэхъури. ПхуэзфIэкI пэтрэ къурэмэн къомыщхэу хьид мазиущыр дэбгъэкIамэ, абдежьым кьыптохуэ зы мэл уасэ сэдэкъэуэ птыжьну.

ЯукIыр

- Iэщышхэу лIэужьыгъуэхэр (жэм, танэ, хьв, махьшэ хуэдэхэр);

- мэл лIэужьыгъуэхэр (мэл, бжэн).

Мы къедбжэкIахэм нэмыщI нэгъэущI Iэщ лIэужьыгъуэ гъэр къурэмэну ди бегъымбар лъапIэмэ абы и гъусахэмэ яукIакъым. Абыхэм ямыщIа гуэр дэ кьедгъэжьэну дыхуиткъым.

Iэщым и ныбжьыр

Iэщ пIащэмэ, ильэситI ирикъуауэ, ещанэм ихьауэ. Махьшэу щытмэ, ильэситхум щIигъуауэ щытын уеейщ.

Мэлыр е бжэныр зы илъэс ирикъухьэщ. АрщхьэкIэ и ныбжьыр мазихьм щIигъуаурэ пIащэмэ, пшэрмэ, ильэс ирикъуахэм щахэткIэ жыжьэу уахэпльэмэ кьаХэмыщмэ, ари букI хьунущ.

ЗыхуэбукI хьунухэм я бжыгъэр

Мэлыр е бжэныр цIыхум и щхьэ закъуэращ зыхуиукIыж хьунур.

Iэщ пIащэм цIыхуибл щызэхьхьэ мэхьу.

Къурэмэн пщIы хьунукъым

1) Iэщ нэфыр.

2) Зы нэ фIэкIа къаплъэу зимыIэр.

3) ЩIакъуэр. И лъакъуэ щIакъуэр щIым тригъэувэфрэ абыкIи дэIэпыкъуурэ кьиКIухьмэ, апхуэдэр мэхьу.

4) Егъэлеяуэ гъурыр.

5) Зи тхьэкIумэ е зи кIапэр зэрыщыту пыупщIар.

6) Зи тхьэкIумэм е зи кIапэм и Iыхьэ нэхъыбэр зыпыупщIар. Абыхэм я нэхьыбэр пытмэ хьунущ.

7) Тэмэму зэрыщхэн хуэдизу дзэ Iумытмэ.

Лажьэ имыIэу кьищэхуэр, иужькIэ мы къедбжэкIахэм ящыщ зыгуэр кьыщщIмэ, зыхуэзфIэкIым абы ипIэ дажьэ зимыIэ нэгъэущI гуэр иригъэувэн хуейщ. Ау хуэзфIэмыкIынумэ, ардыдэр фIигъэжми мэхьу.

ФIыкъым мыпхуэдэ ныкъуСанытэ зиIэхэр быкIыну:

1) И кIыхьагъкIэ къьеуну зи тхьэкIумэ яугъуэнар.

2) Зи тхьэкIумэ пхраудар.

3) Зи тхьэкIумэ кIапэр е дакъэр паупщIауэ щытыр.

4) ФIамыгъэж ипэкIэ зиц траущкIар.

5) Нэзэр.

Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым

Къэмысыпэ щIыкIэ цIыхум и къурэмэн игъэхьэзыпрыхьэщ. Алыхьым и арэзыныгъэм зэрыщIэхъуэпсыр кьыхигъэщу. ФIэгъэжьпIэм щрипащIэкIэ щабэу, дахэу абы еIэбын хуейщ, залымыгъкIэ и лъакъуэхэмкIэ абы иримылъэфалIэу.

Iэщыр кьэзыщэхуам абы и цыр трищыкIыныр, кьишыныр, щэсыныр е зыгуэр кьригъэхьэкIынырэ гуемыIущ.

Къурэмэнэр зейм ар езы дыдэм фIигъэжьжмэ нэхьыфIщ. Iэщ уКIыным хуэмы-мыIэзэмэ, нэгъэущI мусЛъымэным и пщэ ирилъхьэ хьунущ, ауэ езыри щхьэщыгъ.

Сэр быдэу илъын, фIигъэжа иужькIи Iэщым зигъэхъеиныр увыIэхукIэ, ар упщIыIухукIэ и фэр тримыхьу зиIэжьэн хуейщ.

Лыр зэрыгуэшыпхъэр

Къурэмэнылыр Iыхьищ иращIыкI. Зыр езым кьыхуонэж. Адрейр и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэхэм яхуреГъхь, ахэр кьулейIуэ щытми. ЕщанэIыхьэр къурэмэн зымыщIыфаХэм сэдэкъэуэ ярет. УелъэIуу пхуэзыкIам а къурэмэн дыдэм щыщ гуэр фIэгъэжьпщIэу епт хъунукъым.

Къурэмэн Iэщым и фр, шэр, лыр, щхьэр е и цыр пщэ хъунукъым. Къурэмэныфэр сэдэкъэуэ ятыж, кьэсэбэпын гуэр кьыхащIыкIри зэрахьэ е кьыхуэщхьэпэн гуэркIэ кьахьуэж. ЗыгуэркIэ апхуэдэм и фэр е лыр ящам, абы кьыщIахар сэдэкъэуэ ятыж е кьэсэбэпын гуэр абыкIэ кьащэху.

Аращи, Алыхь Иным дольэУ ди къурэмэнр кьаблуу тIихыну, кьемэт махуэм абы и сэбэн кьыдигъэкIыжьну.

●Гупсысэ щхьэпэ

Гуфlэр уи нэгум кърихмэ, Алыхьыр фlыкlэ къыпхуэупсэжынущ

«Гуфlэр - сэдэкъэщ, Алыхьым и гъэзугъэнэм щыхум щищIэ псапэм ар хуэдэщ. ЦIыхухэм зэрахуэгугфIэм кьыпэкIуэу дэтхэнэмкI Кьыт-щхьэщытым и гущIэгъуэ кьыпльос.

Алыхьым и нэфIыр зыщIыуа Мухьэммэд бегъымбарыр гуфIэнэжIуу щытащ икIи адрейхэр ардыдэм кьыхуриджэрэт. Ислъамыр щIыгъуэ динкъым, ар гуфIэгъуэмрэ дрэжэгъуэмрэ хуэгъэпсащ. ЗыщIымыгъэгъупщэ щIыхум ухуэгуфIэмэ, псапэ зэрыблэжьыр. Уи нэкIур зэхэукIауэ, губжьауэ, нэщхьейуэ щыхьмыт. Алыхьым кьигъэщIахэм яхуэгуапэ икIи абы хуэфэщэн тыгъэ Кьытщхьэщытым кьыппигъэкIуэжьынущ *(Набиль аль Авади).*

Гъэузгубгъуэм щагъэува фэеплъхэм дыхуей?

Урысейм и Къэрал Думэр мыгувэу хэпплъэнущ фабжьым хэкIуэдэхэм папщIэ гъэузгубгъуэм щагъэуэ фэеплъхэр щымыгъэIэным ехьэлIа законопроектым. Федеральнэ гъэзу агенствэм и «Кавказ Ищхьэрэ» управленэм хьыбар кьызэритамкIэ, иджыпстукIэ абыхэм еIуэркъым, ди щIыналъэхэм щызекIуэ лъэпкъ хабзэхэм я хьэтырКIэ.

Мы Iуэхум теухуауэ зызыхуагъэза, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльимэн дин Iуэхущ Iапl эм и унафэщIхэм зэрыжаIамкIэ, гъэузгубгъу фэеплъхэр гъэувынырэ щIэныгъэншагъэм кьыдэкIуащ, Абыхэм, уеблэмэ тетIысхьэпIэрэ Iэнэ щыкIуэрэ зыбгъэдэтхэри яхэтщ...

Гуаузр - гуаузщи, ар зейхэм я хьэлъэр гурыIуэгъэщ. Ауэ а дунейм ехьажа тхэмыщIэхэр щыщIалъхьа кхъэр е кхъащхьэр къэнауэ, удз гъэгъакIэ гъащIэрэщIэн хуейуэ пIэрэ щыхьм игурэсыгу кьыхуущIэна щIыпIэр? Нэхъ захуэр абдеж ущетIысэх мыхъуу, кьыпэпкIыхьнракъэ? Аращ абы хуэфэщэн тыгъэ Кьытщхьэщытым кьыппигъэкIуэжьынри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ислъамым и нур

Нэхъапэщ къурэмэн укIыныр

● Махуэ лъапIэхэр

Мусльымэнхэр къахуэмыгъэсу поплъэ Къурэмэн махуэ лъапIэм. Ахэр хуейщ абы щыгъуэм псапэ ялэжьыну, Алыхьым нэхьри гъунэгъу зыхуащIыну. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм къурэмэн хьид махуищым жэнъуэгъуэм и 15-м щIегъэ. А лъэхъэнэм блэжьыну щыIэм я нэхъапэри я нэхъыфIри къурэмэн укIынращ. Хьэдис лъапIэхэм кьыщыкIуащ хьидым къурэмэн быукIыным нэхъ псапэ зыпылъ щIыхум имылэжьыфыну.

Тхьэр арэзы зыхуэхьум ХьэIнщэт кьеIуэтэж бегъымбар лъапIэм жиIауэ: «Лъыпэ кьигъэкIыным нэхъыфIу Алыхьым игъэлъапIэ щIыхум къурэмэн махуэм илэжькъым». АдэкIэ хьэдисхэм кьыщокIуэ къурэмэну щIыхум иукIар а зэрыуКIа теплъэ дыдэм иту кьемэт махуэм кьыхуэкIуэжьыну, абы и лъыр щIым хэмыткIуэ ипжкIэ Алыхьталэм и деж кьабыл щыхьуу. КьищынэмыщIауэ къурэмэнр Ибрэхьим бегъымбарым и сунэтщ.

Къурэмэным и Iуэхур нэхъри игъэткIийуэ Мухьэммэд бегъымбар лъапIэм жиIащ: «Хэт иIэ пэтрэ къурэмэн имыукIами, абы ди нэмэз щIыпIэм гъунэгъу зыкъыхуремыщI».

Алыхьым къурэмэныр сыт кьалэн щIыхуэщIар жыпIэмэ, абы и жуэапир мыращ. Зэпымыууэ Тхьэр щIыхум кьызэрыхуэупсэм я фIыщIэщ ар, апхуэдэуи къурэмэнымкIэ Алыхьым фIыщIэ худощI зы илъэсым адрейр кьыкIэлъыкIуэу мы дунейм дызэрытригъэтым папщIэ. КьищынэмыщIауэ, кьытIэщIэщIэ гуэныхьхэр гъэгъуным ар сэбэн хуохьу икIи къурэмэн зыукIыр нэгъэущIхэми абы и лымкIэ якIэлъыIэбэ.

Иджы фигу кьэдгъэкIыжьынщ къурэмэным кIэлъызэрахь хабзэхэр:

Кьызытехуэр

Къурэмэныр укIыныр зи пщэ кьалэну кьыдэхуэр мы мыпхуэдэ теплъэм итхэращ:

Япэрауэ, къурэмэн зыукIыныр мусЛъымэну щытын хуейщ. Сыту жыпIэмэ, ар псапэ Iуэхуу цIыхум илэжьу аращ.

ЕтIуанэрауэ, ар и унэ исыжыпхьэщ, гъэгуанэ тетым къурэмэн укIынынр хьэлъэ щыхъунущи. Кьыттехьэлъэн Iуэхугъуэ исльам диным ди пщэм кьыдильхьжьым. КьищынэмыщIауи Iэбу-Бэкрыр Гъумэрырэ гъуэгу щытетым и деж къурэмэн яукIтэкъым - ахэр дэ ди щапхьэщ.

Ещанэрауэ, цIыхум лъэкIныныгъэ иIэн хуейщ. Къурэмэн быукIыну пхуэзфIэкIыу диным укъыщилъытэр уи унэлъащIэ, щыгъын, упIыну уи пщэ дэлъхэр Iэмал имыIэу зыхуэныкъуэхэм щIигъужу дыжьын грамм 595-м хуэкIуэ мыльку убгъэдэлъмэщ е абы и уасэ хьэпшыпи уиIэмщ.

Къурэмэн букIынумэ ниет (мурад) пщIын хуейщ, Iэщыр къурэмэну зэрыбукIымкIэ гуэхэль пщIыу. Армырауэ ар къурэмэн хьунукъым, сыту жыпIэмэ цIыхум Iэщ иукIынкIэ мэхъу ищэну е ишхыну. Къурэмэн ар зыщIыжьыр ниетращ.

Iэщышхэхэ цIыхуибл зэхьхьауэ къурэмэн якIэмэ, псоми абы щыщу къалъысыну IыхьэмкIэ псапэ Iэхъу ялэжьыну ниет яIэу зыдыхьхьэн хуейщ. Армырауэ зыр лы шхын кьыхихьан папщIэ гъуэ-сэ кьахуэхьумэ, модрейм нэгъэущI мурад иIэмэ, ещанэм къурэмэн ниет ищIмэ - хьунукъым.

И пIалъэр

Хьидымрэ абы кьыкIэлъыкIуэ махуитIымрэщ Къурэмэн букI щыхьуну зэманыр. НэхьыфIдыдэу кьиплъэтэр япэ махуэращ. Мыбдежьым зыщыгъэгъупщэн хуейкъым хьид нэмэзыр зэфIэмыкIауэ къурэмэн букI зэрымыхьунур. Хьид махуищым я жэщхэми Iэщыр къурэмэну фIэбгъэж мэхъу, ауэ ар гуемыIущ. Ещанэ махуэм и дыгъэр кьухьамэ уахьтыр йокI.

Къурэмэным щхьэкIэ къэпщэхуа Iэщыр умыуКIыурэ хьид махуищм блэкIамэ, зэрыпсэууэ сэдэкъэуэ птыжьын уеейщ, сыту жыпIэмэ ар нузыр пщIам ещхь мэхъури. ПхуэзфIэкI пэтрэ къурэмэн къомыщхэу хьид мазиущыр дэбгъэкIамэ, абдежьым кьыптохуэ зы мэл уасэ сэдэкъэуэ птыжьну.

ЯукIыр

- Iэщышхэу лIэужьыгъуэхэр (жэм, танэ, хьв, махьшэ хуэдэхэр);

- мэл лIэужьыгъуэхэр (мэл, бжэн).

Мы къедбжэкIахэм нэмыщI нэгъэущI Iэщ лIэужьыгъуэ гуэр къурэмэну ди бегъымбар лъапIэмэ абы и гъусахэмэ яукIакъым. Абыхэм ямыщIа гуэр дэ кьедгъэжьэну дыхуиткъым.

Iэщым и ныбжьыр

Iэщ пIащэмэ, ильэситI ирикъуауэ, ещанэм ихьауэ. Махьшэу щытмэ, ильэситхум щIигъуауэ щытын уеейщ.

Мэлыр е бжэныр зы илъэс ирикъухьэщ. АрщхьэкIэ и ныбжьыр мазихьм щIигъуаурэ пIащэмэ, пшэрмэ, ильэс ирикъуахэм щахэткIэ жыжьэу уахэпльэмэ кьаХэмыщмэ, ари букI хьунущ.

ЗыхуэбукI хьунухэм я бжыгъэр

Мэлыр е бжэныр цIыхум и щхьэ закъуэращ зыхуиукIыж хьунур.

Iэщ пIащэм цIыхуибл щызэхьхьэ мэхьу.

Къурэмэн пщIы хьунукъым

1) Iэщ нэфыр.

2) Зы нэ фIэкIа къаплъэу зимыIэр.

3) ЩIакъуэр. И лъакъуэ щIакъуэр щIым тригъэувэфрэ абыкIи дэIэпыкъуурэ кьиКIухьмэ, апхуэдэр мэхьу.

4) Егъэлеяуэ гъурыр.

5) Зи тхьэкIумэ е зи кIапэр зэрыщыту пыупщIар.

6) Зи тхьэкIумэм е зи кIапэм и Iыхьэ нэхъыбэр зыпыупщIар. Абыхэм я нэхьыбэр пытмэ хьунущ.

7) Тэмэму зэрыщхэн хуэдизу дзэ Iумытмэ.

Лажьэ имыIэу кьищэхуэр, иужькIэ мы къедбжэкIахэм ящыщ зыгуэр кьыщIмэ, зыхуэзфIэкIым абы ипIэ дажьэ зимыIэ нэгъэущI гуэр иригъэувэн хуейщ. Ау хуэзфIэмыкIынумэ, ардыдэр фIигъэжми мэхьу.

ФIыкъым мыпхуэдэ ныкъуСанытэ зиIэхэр быкIыну:

1) И кIыхьагъкIэ къьеуну зи тхьэкIумэ яугъуэнар.

2) Зи тхьэкIумэ пхраудар.

3) Зи тхьэкIумэ кIапэр е дакъэр паупщIауэ щытыр.

4) ФIамыгъэж ипэкIэ зиц траущкIар.

5) Нэзэр.

Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым

Къэмысыпэ щIыкIэ цIыхум и къурэмэн игъэхьэзыпрыхьэщ. Алыхьым и арэзыныгъэм зэрыщIэхъуэпсыр кьыхигъэщу. ФIэгъэжьпIэм щрипащIэкIэ щабэу, дахэу абы еIэбын хуейщ, залымыгъкIэ и лъакъуэхэмкIэ абы иримылъэфалIэу.

Iэщыр кьэзыщэхуам абы и цыр трищыкIыныр, кьишыныр, щэсыныр е зыгуэр кьригъэхьэкIынырэ гуемыIущ.

Къурэмэнэр зейм ар езы дыдэм фIигъэжьжмэ нэхьыфIщ. Iэщ уКIыным хуэмы-мыIэзэмэ, нэгъэущI мусЛъымэным и пщэ ирилъхьэ хьунущ, ауэ езыри щхьэщыгъ.

Сэр быдэу илъын, фIигъэжа иужькIи Iэщым зигъэхъеиныр увыIэхукIэ, ар упщIыIухукIэ и фэр тримыхьу зиIэжьэн хуейщ.

Лыр зэрыгуэшыпхъэр

Къурэмэнылыр Iыхьищ иращIыкI. Зыр езым кьыхуонэж. Адрейр и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъуэхэм яхуреГъхь, ахэр кьулейIуэ щытми. Ещанэ Iыхьэр къурэмэн зымыщIыфаХэм сэдэкъэуэ ярет. УелъэIуу пхуэзыкIам а къурэмэн дыдэм щыщ гуэр фIэгъэжьпщIэу епт хъунукъым.

Къурэмэн Iэщым и фр, шэр, лыр, щхьэр е и цыр пщэ хъунукъым. Къурэмэныфэр сэдэкъэуэ ятыж, кьэсэбэпын гуэр кьыхащIыкIри зэрахьэ е кьыхуэщхьэпэн гуэркIэ кьахьуэж. ЗыгуэркIэ апхуэдэм и фэр е лыр ящам, абы кьыщIахар сэдэкъэуэ ятыж е кьэсэбэпын гуэр абыкIэ кьащэху.

Аращи, Алыхь Иным дольэУ ди къурэмэнр кьаблуу тIихыну, кьемэт махуэм абы и сэбэн кьыдигъэкIыжьну.

Мэккэ щыгъэхуос

Мусльымэн мелуанхэр мы махуэхэм щыгъэхуос Сауд Хьэрыпым и Мэккэ щIыпIэм хьэхьэ Каабэм и пщIантIэм дэт Аль-Масджид аль Хьэрэм дунейм щынэхъ лъапIэ дыдэ мэжджытым. Абы цIыху мин 700-м нэблагъэ зэуэ щIохуэ икIи Алыхьталэм кьигъэщIа телъыджэхэм ар хохьэ. Мыращ исльам диным кьытхуигъэув фарзхэм ящыщ зыуэ щыт хьэжьр абыхэм щащIыр, ЩIы хъурейм и курыкупсэу кьальытэр.

Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджьжьыр	Дыгъэр кьыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, гъубж	5.32	7.02	13.06	16.23	18.48	20.28
2, бэрэжьей	5.33	7.03	13.05	16.21	18.46	20.26
3, махуэку	5.35	7.05	13.05	16.20	18.44	20.24
4, мэрем	5.36	7.06	13.05	16.19	18.42	20.22
5, щэбэт	5.37	7.07	13.05	16.18	18.40	20.20
6,тхьэмахуэ	5.38	7.08	13.04	16.16	18.39	20.19
7, блыщхьэ	5.39	7.09	13.04	16.15	18.37	20.17
8, гъубж	5.40	7.10	13.04	16.14	18.35	20.15
9, бэрэжьей	5.42	7.12	13.03	16.12	18.33	20.13
10, махуэку	5.43	7.13	13.03	16.11	18.32	20.12
11, мэрем	5.44	7.14	13.03	16.10	18.30	20.10
12, щэбэт	5.45	7.15	13.03	16.08	18.28	20.08
13, тхьэмахуэ	5.46	7.16	13.02	16.07	18.26	20.06
14, блыщхьэ	5.48	7.18	13.02	16.06	18.25	20.05
15, гъубж	5.49	7.19	13.02	16.04	18.23	20.03
16, бэрэжьей	5.50	7.20	13.02	16.03	18.21	20.01
17, махуэку	5.51	7.21	13.01	16.02	18.20	20.00
18, мэрем	5.53	7.23	13.01	16.01	18.18	19.58
19, щэбэт	5.54	7.24	13.01	15.59	18.17	19.57
20, тхьэмахуэ	5.55	7.25	13.01	15.58	18.15	19.55
21, блыщхьэ	5.56	7.26	13.01	15.57	18.13	19.53
22, гъубж	5.58	7.28	13.01	15.56	18.12	19.52
23, бэрэжьей	5.59	7.29	13.01	15.54	18.10	19.50
24, махуэку	6.00	7.30	13.00	15.53	18.09	19.49
25, мэрем	6.01	7.31	13.00	15.52	18.07	19.47
26,щэбэт	6.03	7.33	13.00	15.51	18.06	19.46
27, тхьэмахуэ	6.04	7.34	13.00	15.50	18.04	19.44
28, блыщхьэ	6.05	7.35	13.00	15.48	18.03	19.43
29, гъубж	6.06	7.36	13.00	15.47	18.01	19.41
30, бэрэжьей	6.08	7.38	13.00	15.46	18.00	19.40
31, махуэку	6.09	7.39	13.00	15.45	17.59	19.39

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Iуэхущ Iапl эм кьыдиташ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Десэжыну и чэзу хъуат

●Футбол

Гуэщокъуэ Арсенрэ Пащты Русланрэ зэгъусэу топ джэгун Налшык зышагъэсащ. Иджы ахэр зэпэщIэтщ.

«Химик» (Дзержинск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:2 (2:1). Дзержинск. «Химик» стадион. ФокIадэм и 22-м. Щыхъу 2000 ептыащ.

Судьяхэр: Сухой (Люберцы), Журба (Барнаул), Архипов (Ульяновск).

«Химик»: Гавиловский, Коротков, Прошин, Лобков, Кичин, Костюков (Столбовой, 67), Квасов, Гелоян (Чернов, 80), Еркин (Иванов, 62), Пащты, Касьян (Макеев, 77).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Тимошин, Гарбуз, Абазэ, Суслов, Руа, Щэуэй, Чеботару, Гуэщокъуэ (Коронов, 63), Медведев, Буйтрагэ (Сирадзе, 76).

Топхэр дагъэкIащ: Щэуэйм, 6 (0:1). Еркиным, 8 (1:1). Пащтым, 24 (2:1). Коротковым, 59 - езым и гъуэм (2:2). Столбовой, 88 - пенальтикIэ (3:2).

Дагъуэ кьыхуащащ Тимошиным, Абазэм, Буйтрагэм, Квасовым, Кичиным, Гарбузэ.

Джэгум кьыхахуащ Тимошиныр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ зэрыщIидзэрэ ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ 14-м щыщу 6-м ирагъэхуамэ, апхуэдизрэ зырыгъэмылъэкIуэрэ, 2 фIэкIа текIуэныгъэр къамыхьамэ, я хьэрхуэрэгъуэхэм зы топ худагъэкIыхькIэ тIу кьыхудагъэкIыжмэ, зэ есэжкъым. ДыщIохьэзэс десэжкъым. ДыщIохьэзэс зы зэIущIэм мыхъуми адрейм кьыщыщIэдзауэ насыпым зыкъигъэзэжыну. Ауэ куэдыуэрэ абы дыпэлъа хъуащи, гукъыдэжым зэгуэр зыкъиIэтыжьну фIэщщыIыгъуейщ.

ПхужьыIэнужьым «Спартак-Налшыкым» хэтхэми абыхэм я гъэсэнхэми апхуэдэ щытыкIэр къафIэмыIуэху, иримыгуэвэу. Ахэр я кьару кьызэрихькIэ мэныкъуакъуэ, дэтхэнэ зы очкоми ерыщу щIобэн. АрщхьэкIэ зэкIэ кьинкIыр мащIэщ. Мис апхуэдэу закъыпгъэшIэжащ ди команд.м и унафэщIхэм хамэ щыIпIэ кьрашахэр тегъэшIапIэ ящIу икIэщIыпIэкIэ ехьулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну яужь зэритар. Нобэрей зэкIэлъыкIуэныгъэхэм я пъабжьэр щагъэтIылъар нобэкъым икIи дыгъуасэхъым - куэдым яфIэтелъыджэ Красножан Юрэ и деж кьыщежьащ ди щIыпIэм кьыщалъхуахэр щIагъуэу топ мыджэгуфу, абыхэм я пIэкIэ нэгъуэщIхэр «Спартак-Налшыкым» хэгъэхьэн зэрыхуейгупсысэ пэжжьыр. Зы зэман гуэркIэ абы ехьулIэныгъэ гуэрхэр кьрикIуащ, премьерлигэми мыпейуэ дыхагъэтащ. АрщхьэкIэ мылъку хуатIыпщым кIэрагъэхуэ Iуэхуэгъэ зэIыхьэ зэрыхьхуу, ахэр нэгъуэщI командхэмэ, ахъшэ нэхъыбэ кьыщыхуагъэльэгъуахэм кьыщыщIэдзащ. Иджы ди щIыпIэм кьыщалъхуахэр тегъэшIэн ящIу хуежьэжащ, ауэ ахэр гуп зэкъуэт хъун папщIэ зэман гуэр хуейщ. Араш апхуэдизу очко яфIэкIуэдауэ турнир таблицм и «гупкIэм щыпыс».

Дзержинск вэсэмахуэ шрагъэкIуэкIа зэIущIэрэ, нужьу щIыпIа адрейхэми хуэдэу, налшыкдэсхэм хуабжьу жьджэгу кьыщIадзащ. Хьыбар зыпхрагъэIуэкIат мы джэгугъуэм нужькIэ ди командэм и тренер нэхъыщIхэ Шыпш Тимур и унафэр щIыну. Я гъэсэныр зэрахъуэмэным футболистхэр хуабжьу зэрыхущIэкъуэр нэрылъагъут икIи псынщIэ дыдэу, еханэ дакIикъэм, Щэуэй Алихьан бжьыгъэр кьиз3Iуихащ. Абы ди щIалэхэм я гукъыдэжыр кьиIэтын хуейт, арщхьэкIэ япэ екъулIэныгъэр псынщIэ дыдэу хэгъэрейхэм кьыIуагъэупщIыуЭжащ. «Химик»-м дакъикъитI тригъэкIуэдауэ аращ бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжыным.

АдэкIэ утыку кьихьащ «Спартак-Налшыкым» и гъэсэну, ауэ абы щыгъуэ дэкуфыну кьалытэгъ нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщыщIидзэхэм ящIущ зы Пащты Руслан. Дзержинскдэсхэм адыгэ щIалэр кьахэжаныкI зэпытт икIи 24-нэ дакъикъым ар зэуа топым Цыган кьригъэгъэзэфакъым. Арати, 2:1-у хэгъэрейхэр япэ ищащ.

Загъэпсэуу кьыщихьэжами налшыдэсхэр нэхъ жьджэращ. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ гуащIэхэр хэгъэрейхэм зыкъомрэ ерагъкIэ зэтраIыгъащ, ауэ Гуэщокъуэ Арсен лъэщу еуа нужькIэ «Химик»-м и гъуащхьэхьэмэ топыр и гъуэм дигъэкIыжащ.

Зы очко нэхъ мыхъуми мы зэIущIэм «Спартак-Налшыкым» кьыщилэжьат. Ар нэхьыбэрэ гъуэм еуат, угловой кьыхэтэныжмкIи хэгъэрейхэм ефIэкIат. АрщхьэкIэ джэгур нухьыным дакъикъитI фIэкIа имыIэжу судьям «Химик»-м хуабжьу зыщIигъэкъуащ. Абы гъуащхьэхьэрэ Тимошиныр зэIущIэм кьыхихури, ди гъуэм пенальти кьригъэуащ. Ари «Спартак-Налшыкыр» тегушхуэгъуафIэ зэрыхьуам и зы нэщIэнэщ. Дауи, Цыган, сыт щыгъуи хуэдэу, дыкъригъэлакъым - 2:3.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIэм зэрыщыту и гугъу пщIымэ, кьыхэхэтэщипхъащ пащIэхэр джэгугъуипщIым зыпэмыльэща Тулэ и «Арсенал»-р и фIыгъэкIэ зэкIэльхьэужьу кьыдзэрыкагъэщIар. Абы и фIыгъэкIэ Владикавказ и «Алания»-р етIуанэ уевыпIэм дэкIуеящ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ япэ дивизионым хэт командэхэм нужьу ирагъэкIуэкIа джэгуэхэм кьэрикIуа бжьыгъэхэм: **«Уфа»** (Уфа) - **«Шинник»** (Ярославль) - **2:1, «Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Газовик»** (Оренбург) - **0:1, «Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **1:3, «Алания»** (Владикавказ) - **«Енисей»** (Красноярск) - **2:1, «Балтика»** (Калининград) - **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **2:1, «Мордовия»** (Саранск) **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:1, «Ротор»** (Волгоград) - **«Торпедо»** (Мэзкуу) - **1:2, «Салют»** (Белгород) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **3:0.**

КьыкIэтыкIуэ дэкэгугъуэр жэпэчэгъуэм и 1-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблэгъэнущ ящIыну нэбгырабгъуэ зыри зыпэмыльэщ Мэзкуу и «Торпедо»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Мордовия»	**14**	**9**	**2**	**3**	**24-12**	**29**
2. «Алания»	**14**	**8**	**3**	**3**	**17-10**	**28**
3. «Арсенал»	**14**	**8**	**2**	**4**	**25-17**	**26**
4. «СКА-Энергия»	**15**	**7**	**5**	**3**	**17-15**	**26**
5. «Газовик»	15	6	6	3	18-12	24
6. «Уфа»	14	7	2	5	16-15	23
7. «Шинник»	15	6	4	5	18-16	22
8. «Химик»	14	6	4	4	13-17	22
9. «Салют»	14	5	5	4	15-9	20
10. «Луч-Энергия»	14	5	5	4	13-7	20
11. «Торпедо»	14	5	4	5	13-12	19
12. «Енисей»	14	5	4	6	16-21	19
13. «Балтика»	14	5	3	6	13-15	18
14. «Сибирь»	14	4	5	5	16-18	17
15. «Ротор»	14	4	4	6	15-13	16
16. «Динамо»	**13**	**3**	**3**	**7**	**10-17**	**12**
17. «Спартак-Налшык»	**14**	**2**	**6**	**6**	**11-21**	**12**
18. «Нефтехимик»	**13**	**1**	**4**	**8**	**10-16**	**7**
19. «Ангушт»	**14**	**1**	**2**	**11**	**9-26**	**5**

Доттуев Ахъмэт и фэеплъ дыщэ медаль

●Бокс

IBF, WB лIэужьыгъуэхэмкIэ дуней псом и интерконтинентальнэ чемпион Доттуев Ахъмэт и фэеплъ зэхьэзэхуэм Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьикIа боксёр 7 щытекIуащ.

ТЫРНЫАУЗ кьалэм дэт «Геолог» физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ спорт комплексым щызэхуэзэщ Дон Iус Ростов, Ставрополь кьалэхэм, Кьэбэрдей-Балъкъэр, Кьэрэшей-Шэрджэс Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Кьалмыкъ республикэхэм я боксёрхэр.

КIэух зэпеуэжэм КьБР-м и боксёритI щытекIуащ. Ахэр тырныауэдэс Хаджиев Маратрэ (кг 56-рэ) Налшык щыщ Сэхьу Исльамрэщ (кг 90).

Доттуев Ахъмэт зыхэту щыта килограмм 69-рэ зи хьэльагъ боксёрэм я зэпеуэм екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэха спортсменэм папщIэ кьызэгъэпэщащIуэхэм сагъэхэт щхьэхуэхэр ягъэхьэзырат; дыщэ кьабзэм (грамм 36-рэ) кьыхэщыкIа медалрэ дыщэ сы-хьэтрэ бжьыпэр зыубыдам, етIуанэ уевыпIэр кьэзыхьам дыжьын медалрэ дыжьын сыхьэтрэ хуагъэхьэзырат.

Япэ уевыпIэм и саугъэт хэхар Налшык щыщ Тогузаев Ибрэхьим лъысащ, дыжьынымрэ Iуащхьэмахуэ куей администрацэм и Iэтащхьэм и саугъэтымрэ кьихьащ Эльбрус жылагъуэм щыщ Квициани Зураб.

Хьарзынэу зыкьагъэльэгъуэрэ япэ уевыпIэхэр кьахьащ Шэшэным и боксерхэу Измайлов Алирэр (кг 81-рэ) Кьэрэшей-Шэрджэсым кьикIа Мэремкьул Азрэт (кг 79-рэ) Шэшэным щыщ Жубатиров Расул (кг 64-рэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм дихьэхыу кIэлъыплIащ цIыху куэд. Абыхэм яхэтащ Доттуев Ахъмэт и ныбжьэгъуэхэр, кьыдэлэжьаХэр, Гундзэлэн щыщ и кьуажэгъуэхэр, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Зэпеуэр кьыщыхэзIуахьам КьБР-м и спортымрэ туризмэмкIэ и министр Афэгунэ Асльэн спортсменхэм ехьулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэмэ, Доттуев Ахъмэт хуэдэу спортым и льагапIэхэм нэсмэ зэригуапэр жьриIащ. - Ахъмэт Кьэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен нэхьыфIхэм ящыщт. Сэ абы кьыдэлэжьну кьыкъухуащ, хабзэрэ нэмыскIэ гъэщIащэ къэгъэзыгурыкIуа а цIыхум и фэеплъыр сыт щыгъуи си гум ирымыну, - жиIащ министрым.

Зэхьэзэхуэм ящыщ. Сэ абы кьыдэлэжьну кьыкъухуащ, хабзэрэ нэмыскIэ гъэщIащэ къэгъэзыгурыкIуа а цIыхум и фэеплъыр сыт щыгъуи си гум ирымыну, - жиIащ абы.

Судья нэхъыщIхэ, Доттуев Ахъмэт и тренер Хаппаев Сэлихь иджырей зэпеуэр Тырныауэ щрагъэкIуэкIыныбмкIэ закъыщIэзыгъэкъуа Урысейм боксымкIэ и федерацэм и лыкIуэ Хроновэ Николай фIыщIэ хуищIащ. Ар совет зэманым и боксёр щэрыуэщ, нужькIи ильэс куэдкIэ дунейпсо чемпионатхэмрэ Олимпиадэхэмрэ хэта Урысейм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщIхьэу щытащ.

Хромов Николай дыщэ медалхэм ящыщ зы Ахъмэт и кьуэ Доттуев Марат иритащ, и адэм зыIэригъэхьа льагапIэхэм кьыпищIэмэ, дуней псом и боксёр нэхъыфI хъуиэ зэригуапэри жриIащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Щэнхабзэ

Махуэ гукъинэжхэр

Май районым и Александровскэ станицэр зэрауху ильэси 175-рэ зэрырикъур ягъэльэпIащ. ЩэнхабзэмкIэ унэм концерт гукъинэж щекIуэкIащ, щIыналъэм и уэрэджыкIуэ, къэфакIуэ гупэр хэту. Апхуэдэуи кьуажэм я хьэщIащ Лэскэн районымрэ Тэрч кьалэрэ я лIыкIуэхэр.

ДУНЕЙР мамыру, езыхэр узынщIу псэуну жьлэдэсхэм ехьуэхьуащ Май районым и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Шипов Владимир.

Махуэшхуэм цIыхухэм гъэщIэгъуэн куэд я нэгу щыщIэкIащ: станицэм щыпсэу лъэпкъхэм я щIыкIэ-псэукIэмрэ хабзэмрэ хьэщIэхэм зыхагъэгъуэзащ, ящIэфIлъныгъуэхэм я гурыхьагъри зрагъэщIащ. Ильэс блэкIам я Iуэхущ.IапIэхэм зрагъэхьулIар кьыхэщу выставкэ хьэлэмэт кьызэрагъэпэщащ сабий садымрэ школымрэ я унафэщIхэм, ныжьыщIэхэм пщэфIэныбм щаIэ зэфIэкIхэр ягъэльэгъуащ.

Кьуажэ пщIантIэ нэхъыфI зиIэхэм я зэпеуэм кьыщыхэжаныкIа унагъуищым щыхь тхылърэ ахъшэ саугъэткIэ яхуэупсащ. Мы ильэсым станицэм кьахэхьуа сабий 37-р утыкум кьызыша анэхэмэ гулыитэ хэха ялыысащ. Махуэ псор щIалэгъуалэм щIэщIегъуэу щагъэкIуащ аттракционхэм.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

● Щыуэпс

Нэхъыжьхэми ящIэн ягъуэт

Котляревскэ жылагъуэм зыхуэф щыхуагъэзэ зэуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я паркыр.

МЫ ЩЫПIЭР зэм цIыхунэ хъуркъым. Ныбжь зиIэ нэхъыжьхэм я зэхуэзэпIэу зэрыщытым кьыщынэмыщIауэ, сабий зигъуэз адэ-анэхэми я кIуапIэщ: жьы кьабзэ кьыщопщэ, дзэм и деж тIысыхьэпIэхэр щытщ. Тэрчыпсымрэ Арщыданыпсымрэ я зэхуакIу дэлъ парк щыпIэм, псори ауэ я хьэзэнауэ, природэр щыдахащэщ.

Сыт щыгъуи мы щыпIэр кьабзэу зэрыщэрахьам я фIыщIэ ин хэлъщ станицэм и жылагъуэ Советым хэтхэм. Лэжьыгъэ цIыкIуфэкIуэхэр кьызэрырахьэлIам имызэхъуу, ихъуреягъым щызэхэт жыг гуэрэныщхуэхэм я щытыкIэми ахэр кIэлъоплъ: гъуэхэр паупщI, щIэхэр хасэ. Абыхэм яхэтщ пхъащхьэмыщхэ кьызыпыкIэхэри.

Мы зэманым паркым зи чэзу бжьыхьэ зэхьэхуэр щокIуэкI икIи кьагъэуа жыгыжьхэр зэпахьырэ Iуаш. Советым хэтхэм техникэкIэ закъыщIигъэкъуащ «Май лесничество» Iуэхущ.IапIэм. Жэрдэмщ.IакIуэ нэхъыжьхэм лэжьыгъэхэр щIымахуэ гъунэгъу хъуху ирагъэкIуэкIынущ, уэс кьеоса нэужьым дэтхэнэ зы щыкIуми, мэз лъащIэ жьыщIэхуэм тыншу икIи я гур хэхъуэу зыщапIыхьыхьн хуэдэу.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

Судыр къыпоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и наркополицейхэм афиян нхъумэу хуагъэфащэу республикэм и зэ частхэм ящыщ зым контракткIэ кьулыкъу щызыщIэр яубыдащ.

ИЛЪЭС 30 зи ныбжь сержант нэхъыщIэм илэжьа щIэпхъаджагъэмкIэ зиумысыжащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм и бадзэуэгъуэм и щIыхуэгъэ кьигъэсэбэпри наркотик зыхъэль IыфIкIэм хальхь Iущхь зыIэригъэхьащ. Иужьым абы ирихьэлIэныгъэр зэхуэдэ щIыпIэ нэщIым дежи афиян щIигъэхьэзыращ. Зы зэхьэлIэгъэр езым кьигъэсэбэпащ, наркотик зэрыт адрей шприщищхэр кьигъэнащ. Абы ирихьэлIэу республикэм и НаркоIуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр кьыбгъэдэкIыащ.

Дзэ кьулыкъыр езыхьэкIым теухуа уголовнэ Iуэхур Инщэ Дзэ округымкIэ Урысейм и Следственнэ комитетым и дзэ следственнэ къудамэм Iэрагъэхьащ.

Сержант нэхъыщIэм и кьэкIуэнур зэрагъэхьуаншэмкIэ уголовнэ Iуэхур зыхуагъэхьа судым ельытащ.

УФ-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ кьулыкъым и управленэу КьБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ.IапIэ.

● Бгырыпх бэнэкIэ

Урысей чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

Карачаевск и «Саулукъ» стадионым иджы япэу щекIуэкIащ бгырыпх бэнэкIэмкIэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. КъШР-м и Iэтащхьэ Тэмрэзов Рашид и саугъэтым щIэбэнащ спортсменхэм 100-м нэблагъэ.

АБЫХЭМ ящыщщ дуней псом щыцIэрыIуэ бэнакIуэхэу Кьэзан щекIуэкIа Универсиадэм Урысейм и ныпыр ящIэу щызыIэта Лайпанов Азэмэт, Лъэпщокьэуэ Албэч, Хапаев Албэч, Токов Арсен сымэ.

Я хьэлъагъ елъытауэ гупи 7-у гуэшауэ щита зэхьэзэхуэм хэтащ Кьэщкъэтау и спортсменхэри. Абы жэз медалхэр кьыщахьащ Мокаевхэ Расулрэ (кг 68-рэ) Мусэрэ (кг 75-рэ).

Щэрэдж щIынальэм и спортсменхэм иджыпсту зыхуагъэхьэзыр фокIадэм и 25 - 28-хэм Владикавказ щекIуэкIыну Урысей чемпионатым. Абы Уфа щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым хэтыну бэнакIуэхэр кьыщыхахынущ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

Мокаевхэ Расулрэ Мусэрэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Къыпыр, Сокъурыр, Кульчаевыр япэ йощ

Тырныауз кьалэм дэт «Геолог» физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ спорт Iуэхущ.IапIэм щекIуэкIащ СССР-м спортымкIэ и мастерхэу Байзулаев Юсуфрэ Мирзоев Хьысыррэ я фэеплъ кьыдэзыгъэщIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм.

ЗЭПЕУЭМ кьрихьэлIащ Кьэбэрдей-Балъкъэр, Ингушэ, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ-Аланиеми, Дагъыстэн республикэхэм, Ростов областым, Краснодар краймэ я спортсмен 137-рэ. Абыхэм яхэтащ спортымкIэ дунейпсо классым и мастеру 1, спортымкIэ мастерхэу 15.

КьБР-м и лIыкIуэхэм килограмм 55, 74, 96-м нэс зи хьэльагъхэм я деж дыщэ медалхэр кьыщахьащ. Ахэр Кульчаев Руслан, Къыпр Артур, Сокъур Артур сымэщ.

Адрей зэпеуэхэм щытекIуащ Краснодар и бэнакIуэхэу Осипов Амаяк (кг 50-м нэс), Роганин Виталий (кг 120-м щIигъу), Шэшэным и спортсменхэу Вашаев Саламбэч (кг 60), Дагъыстэным щыщ Чухъаев Магомед (кг 66-рэ), Дон Iус Ростов и лIыкIуэ Гогличидзе Ивери (кг 84-рэ) сымэ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщIхэу Трушин Владимир (Дон Iус Ростов) зэрыжиIамкIэ, зэпеуэр ГПА-м игъэуа алыджурым бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэм теухуа хабзэм тету екIуэкIащ.

ЕхьулIэныгъэ зыIэрыщIэхъуахэм дипломэм-рэ саугъэт лъапIэхэмрэ иратащ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Астемыр.

Редактор нэхъыщIхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщIхьэм и къудэгъэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къудэгъэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщIхьэм и къудэгъэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэмэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэшIэныдэж Замирэ, Хьэжакьэр Алик, ПIкъэщрмыщI Иэз.**

КьыдзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КьБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблэнэ, еплIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозреателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ.IапIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ.IапIэм - 42-26-41; суртехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехакъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еильакIэр зэтекIуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КьБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ.IапIэм №1Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КьБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIыналъэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэгъэ **ДышкI Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **ПхъитIкI Аллэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*. ***КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ*** Дол Маринэ, **Щомахуэ Маринэ, *суртхэм елэжьар*** **Гъурыжь Мадинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм зэхащIэзыгъащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2447